



Pou Piblikasyon Imedya: 18/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI TELEMARKEKÈ KI FÈ EKSPRÈ K'AP FÈ APÈL VANT ENDEZIRAB PANDAN YON ETA DIJANS

Cuomo: *"Yon bon jou apèl telemarketè yo vin yon nwuizans - pandan moman ijans yo ka anpeche kapasite rezidan yo jwenn enfòmasyon yo bezwen pou yo rete an sekirite. Lè nou fè mezi sa vin yon lwa, nou pral ede asire ke Nouyòkè yo resevwa notifikasyon ki kapab sove lavi yo an tan reyèl, sa k'ap kreye yon Empire State ki pi an sekirite pou tout moun".*

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (A.117A/S.4020A) ki entèdi telemarketè yo ki ap fè apèl vant endezirab, k'ap rele nenpòt moun ki nan yon vil, konte, ti vil oswa vilaj pandan yon eta dijans ke yo deklare.

"Yon bon jou apèl telemarketè yo vin yon nwuizans - pandan moman ijans yo ka anpeche kapasite rezidan yo jwenn enfòmasyon yo bezwen pou yo rete an sekirite", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou fè mezi sa vin yon lwa, nou pral ede asire ke Nouyòkè yo resevwa notifikasyon ki kapab sove lavi yo an tan reyèl, sa k'ap kreye yon Empire State ki pi an sekirite pou tout moun."

Liy kominikasyon ouvè enpòtan anpil pou difize notifikasyon dijans ak enfòmasyon bay piblik la pandan eta dijans yo. Kòm nou fè fas a yon lavni kote evènman meteyo ekstrèm yo ap devni nouvo nòm ak kòm nou gen pou nou reponn a lòt ijans, mezi sa a pran mezi ki apwopriye pou ede asire liy kominikasyon yo rete ouvè epi pou yo pa inonde moun yo ak apèl telemarketing san rete pandan moman ijans yo.

Senatè Kevin Thomas te deklare, "Fè fas ak yon eta dijans difisil ase, yo pa ta dwe deranje Nouyòkè yo ak apèl telefònik jenan pandan ke yo ap konsantre sou sekirite fanmi yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo paske li pase pwojè lwa enpòtan sa a".

Manm Asanble a David Buchwald te deklare, "Pandan eta dijans ke gwo siklòn oswa lòt katastwòf koze, rezidan yo bezwen liy kominikasyon ouvri ak mond eksteryè a. Sa rezidan yo pa bezwen pandan yon eta dijans se lè aksè ak telefòn yo koupe akòz apèl telemarketè yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li siyen lejislasyon sa a pou frennen telemarketè san skripil sa yo".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)